# «Qońıratbay-Mehri» belsendi isbilermen jáne úlgili salıq tólewshi

Image not found or type unknown

**Bul haqqında Nókis rayonı Mámleketlik salıq inspekcisınıń baslıǵı F.Xalmuratov xabar bermekte.**

Elimizde isbilemenlikti rawajlandırıw jolındaǵı alıp barılıp atırǵan baǵdarlamalıq reformalar tiykarında islep shıǵarıwshılar sanı hám xalıqqa xızmet kórsetiw sapası artıp barmaqta. Sonday-aq, usınılıp atırǵan salıq jeńillikleri kárxana jumısın keńeytiw, islep shıǵarıw nátiyjeliligin jáne de arttırıw, jańa texnologiya hám úskenelerdi alıp kelip ornatıw hámde eń baslısı jańa jumıs orınlarınıń sanın kóbeytiwge xızmet etpekte.

Elimizdegi usınday kárxanalardıń biri Nókis rayonında jaylasqan «Qońıratbay-Mehri» fermer xojalıǵı bolıp tabıladı. Bul xojalıq 2004-jılı aprel ayında ashılıp, óz jumısın 6 puqara menen baslaǵan bolsa, búgin kúnde olardıń sanı 50 ge jetti.

Fermer xojalıǵı tiykarınan sharwashılıqtıń násilli, iri shaqlı mallardı shet el mámleketlerinen (Gollandiya, Ukraina) alıp kelip xalıqqa gósh ónimlerin jetistiriw menen birge sút ónimlerin de qayta islep xalıqqa xızmet kórsetip kelmekte. Xojalıq ótken jılı 2 milliard 693 million sumlıq xalıqqa xızmet kórsetiwge eristi.

– 2017-jıl dawamında 47 puqaranı jumıs penen támiyinlep, olarǵa 310 million 685 mıń sum miynet haqısın ayma ay óz waqtında berildi,– deydi xojalıq baslıǵı Esenbay Aytmuratov. –Xojalıǵımız tárepinen ótken jıl dawamında mámleketlik byudjetke hám byudjetten tısqarı pensiya qorlarına 87 million 500,0 mıń sum salıqlar hám tólemlerdi múddetinde tólep keliwge eristik. Búgingi kúnde Prezidentimiz hám húkimetimiz tárepinen biz, isbilermenlerge keń sharayatlardıń jaratılıp beriliwi jumısımızdı keńeytip barıwǵa hám xızmetimiz sapasın arttırıwǵa xızmet etpekte. Maqsetimiz–dáramatımızdı arttırıp, ekonomikamızdıń rawajlanıwına óz úlesimizdi qosıw

Esenbay aǵa basqarıp kiyatırǵan xojalıq házirde jańa proektler ústinde jumıs alıp barmaqta. Álbette, jemisli miynet ushın qolaylı orın, investiciya, dáramat, jumısshılar

sanın kóbeytip barıw, iskerligin keńeytiw, islep shıǵarıwdı jolǵa qoyıw, miynetiniń nátiyjeliligin arttırıp barıw hámde Watan rawajına úlesin qosıw-búgin hár bir isbilermenniń óz aldına qoyǵan maqsetileriniń jıyındısı bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti